

Yon Mesaj de Majistra Michael R. Bloomberg



Anpil moun panes ke siklon avek lot tanpet afekte selman zòn ki nan sud Nou York. Sa ki mal se tanpet ak siklon kapab afekte site Nou York tou. Teknoloji nan meteolog kapab fe nou predikite la nati. Min nou we ke le ou prepare se bpi bon defans. Infòmasyon ki nan brochi sa dezigne pou prepare sitizen Nou York yo.

POUKI SA SIKLÒN TERIB KONSA?

Siklòn pi danjere ke tout lòt van paske li dire, li fè dega e li rapid. Yon van kap pase a yon vitès de 100 mil a lè e ki dire ka kraze kay, kase pye bwa, ap voye bagay lejè dan lèzè tan kou yon flonn ki danjere. Epi tou, fòs kap dirije van avèk gwo la pli yo kapab koze gwo inondasyon nan kote ki ba e kote ki pa drennen byen. Finalman, youn nan bagay ki dezastre non afè siklòn se sa yo rele radmare. Se lè tanpèt-la voye yon gwo lanm dlo sou litoral e li coze ke dlo-a rantrè nan tè-a (gade an-o a dwat).

Malerèzman, anpil nan moun Nou Yòk kwè ke siklòn pa ka frape vil la. Se pa vre. Listwa revele ke te gen grò siklòn ki te frape vil la. Sak fe yo pran sa trèz oserie kounye a se paske moun ki rete sou litoral vin grandi anpil nan 40 ane ki sot pase yo. Sepandan, nan aprann tè nou, zanmi nou, fanmi nou e vwazen nou ki jan poun prepare nou, nou ka asire ke kominote nou-a ap byen prepare pou gwo danje sa-a.

TÈM YO ANPLWAYE SOUVAN

HURRICANE SEASON (sezon siklòn) – 1e jyen pou 30 novanm.

HURRICANE WATCH – Nouvèl pou moun ki bò dlo si yo anonse siklòn ka pase nan 24 a 36 zè.

HURRICANE WARNING – Nouvèl ki bay pou yon zòn ki bò dlo ke siklòn ka pase nan 24è ou avan sa. Yap pale de siklòn avèk van kap pase a 74 mil alè ou plis ke sa avèk gwo vag dlo.

SI YO BAY 'WARNING' MOUN MÈT KÒMANSE PRAN DISPOZISYON POU PROTEJE VI YO AK BYEN YO IMEDYATMAN!

www.nyc.gov/oem

SAK RADMARE-A (STORM SURGE)?

Se yon gwo valè dlo tan kou yon gwo lanm ki ta ka 50 mil de longè ke van pouse sou tèk bò lanmè. Dlo sa-a kap antre jiska 30 pie de distans nan tè-a. Fòs dlo-a frape tè-a byen fò, kraze sal jwen e li vin tankou yon bouldozè ki pase kote sa-a.

RADMARE-A (STORM SURGE) SE YOUN NAN TRAVAY DANJERE DE YON SIKLÒN. 9 SOU 10 DEGA YON SIKLÒN SE BAGAY SA.

EMOLS

Ou kapab jwen tou t sa ou bezwen na adres internet OEM nan (Emegensi Manajman nan internet system locate) se yon itilite ki ede residan site Nou York identifye si yo rete nan yon zòn ki genyen tanpet souvan. Epi li identifye Sant Resepsyon, e lokasyon ki transpote moun pou ale nan chelte. Pou ou itilize EMOLS visite www.nyc.gov/oem, epi selekte bouton ki make "Hazzards".

KI JANM KA PROTEJE TÈT MWEN?

PREPARE YON BWAT NESESITE POU LA KAY. Gen kèk bagay ou ta dwe gen nan men ou e pare ou pou prann avèk ou si wap deplase (gade dèyè papye sa-a).

SWIV NOUVÈL NAN RADYO AK TV. Yo bay enfòmasyon sou ki jan pou sove tèt ou si gen gwo problèm.

KONNEN KOUMAN POU MET SEKIRITE LA KAY OU. Rantre anndan ou byen mare bagay ki nan lakou lakay ou. Pa mete tank gaz babekyou anndan, sere yo deyò. Bouche fenèt yo pou yo pa kraze. Lò ou tepe you fenèt, ou sèlman pèmèt moso vit yo pa vole.

PROTEGE BÈT OU – Yo pa aksepte bèt nan chèltè. Ou ka sere bèt ou yo kote yo gade chen ou byen kay zanmi ou fanmi ki pa abite nan zòn danje.

SI YO MANDE POU DEPLASE, FÈ SA IMEDYATMAN! Biwo Majistra Konminal pou ljan avèk Sant Nasyonal Siklòn e Sèvis Nasyonal Tanperati ap swiv pwogrè van-an. Yap ba ou bon enfòmasyon sou ki bò moun ta dwe dezète e kilè.

www.nyc.gov/oem

DESIZYON POU DEPLASE PRAN KANT DANJE-A KLÈ E LI MENASE PUBLIK-LA. SÒUPLE KONSIDERE TOUT PREKOSYON! EPI PA DEPLASE TOUT OTAN YON MOUN PA KO MANDE OU.

KI KOTE POUM ALE, E KI LÈ?

Yo rekòmande anpil pou chache refij lakay zanmi ak fami ou ki abite lwen zòn danje. Li toujou yon bon lide pou gen ou plan pou sove fanmi ou.

Vil Nou Yòk avèk la Kwa Rouj Meriken devlope yon plan pou moun ki pa ta gen kote pou yo ale. Pou diminye anbouteyay, kite anpil espas nan paken e fasilite aksè nan transpòstasyon piblik, Sant yo ap ouvè davans an ka siklòn. Radyo ak TV ap toujou bay ki Sant ki ouvè.

Gen kèk Sant avèk gran paken ke yo dispoze pou akomode moun kap deplase nan vwati. Gen lòt Sant, yo konekte ak rout transpòstasyon piblik. Souple, chache konnen ki Sant kap pi bon pou ou.

Apre ke ou fin rive nan yon Sant kote yap resevwa ou, yap mennen ou nan Chèltè ki pi pre-a pou tout dire siklòn-nan. Chèltè sa-yo toujou lwen de zòn danjere ke siklòn nan ap frape e ki kapab reziste ak fòs van siklòn nan.

DEPLASE BONÈ. Tann jisko dènye moman pou deplase ka yon danje.

SIM TA BEZWEN PLIS ENFÒMASYON?

Rele Biwo Majistra Konminal selman nan tan ljan (212) 442-9280 (rele 1-888-6-OEM-NY6 imedyatman avan, pandan e aprè siklòn) ou byen la Kwa Rouj nan zòn ou-an. Ou ka al nan Konpyoutè tou nan entènèt:

www.nyclink.org/oem

(Ofis Manajman Emegensi de Site Nou York)

www.fema.gov

(Agens Federal Emegensi Manajman)

(Ofis Emergensi Manajman de Eta Nou York)

www.nhc.noaa.gov (Saint Nasoin Pov siklòn)

www.nyredcross.org (La Kwa Tou)

www.nyc.gov/oem

ÈS KE OU PARE?

Si yon siklòn ta frape, ou dwe pare ou pou viv san limyè ak dlo pou plizyè jou. Asire ou ke zanmi-ou, paran-ou ak vwazen-ou ki gen andikap ou ki bezwen swen espesyal ta konn danje-a e asiste yo si posib.

BAGAY POU SIVIV NAN KAY:

- Bagay twalèt
- Flach, radyo pòtatif, plis pil
- Bwat premye sekou
- Medikaman pou yon semèn
- Manje nan bwat ou nan sache ki pap gate*
- Kle senp pou debouche ken
- Dlo (yon galon pou yon moun pa jou)
- Bagay pou timoun (manje, kouchèt, twal siye)*
- Glasye ak glas
- Sache fatra an plastik
- Playwoud ou lòt bagay pou bouche fenèt
- Kanè chèk, lajan, kredi kat, kat ATM, bankou.*

SI OU PRAL PARE NAN YON CHÈLTÈ:

Pran sèlman sa ou bezwen pou plizyè jou tankou:

- Sak nan lis anvan ki gen etwal dèyè yo
- Papye enpòtan (pote pyes idantifikasyon ou)
- Dra, dra sak, zòrye
- Plis rad, bagay timoun bezwen
- Bagay pou liyèn
- Lòt ti ekipman medikal
- Pou bèt ou pote manje ak dlo.

AVAN OU DERAPE:

- Asire tout fenèt avèk bwa ou byen plywoud
- Asire tout mèb ki sou galri dèyè, bagay nan la kou ki gaye, doum fatra
- Retire tet tank gaz machin ou
- Touye limyè nan menn swiss
- Fèmen gaz nan aparèy yo, pa nan gwo tiyo-a
- Fè zanmi, paran, vwazen ou konnen ki bò ou prale.

www.nyc.gov/oem



National Oceanic ak Atmospheric Administration (NOAA) bay tanperati peyi a, prekosyon ak lòt bagay ankò 24è pa jou. Pou yon ti kras kòb, ou kap achte yon radyo espesyal kap ba ou koneksyon dirèk ak radyo moun kab bay tanperati ak enfòmasyon pou konn sa pou ou fè.

Enfòmasyon sa-a kapab sove la vi ou ak byen ou.


Tablo Siklòn Saffir-Simpson

Tipxde Siklòn Twopikal	Kategori	Ravaj Potensiel	Kou Van
Siklòn	1	Minim	74-95
Siklòn	2	Modere	96-110
Siklòn	3	Extensiv	111-130
Siklòn	4	Extrem	131-155
Siklòn	5	Catastrof	156+

Tablo sa a devlope an 1970 dapre opsèvasyon yo fè nan anpil siklòn ki pase nan Nò Atlantik. Tablo siklòn Saffir-Simpson kontrole siklòn yo swivan fòs yo de 1 a 5. Meterolojis yo ak direktè ijans yo pou make ki danje chak siklòn ka pote.

www.nyc.gov/oem

NYC SH/G/HC
Rev. June 2002



**Vil Nou Yòk Gid
Pou
PREPARE POU
SIKLÒN**



Vil Nou Yòk

**Biwo Majistra Konminal-la
Pou Zafe Ijans**

**Michael R. Bloomberg
Majistra**

**John Odermatt
Direktè**

Ou ka jwen infomasyon san nan intenèt. Nan adres as
a www.nyc.gov/oem